



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON 14 LISANS ALKÒL BA AK RESTORAN ANPLIS NAN NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS

162 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la

Fòs entèvansyon milti-ajans lan te mennen prèske 4,000 verifikasyon konfòmite depi wikenn sa a, ki obsève 34 lòt vyolasyon nan Vil New York ak nan Long Island.

886 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak akizasyon yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 14 lòt ba ak restoran nan Eta New York apre li jwenn yo nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki lye ak pandemi an, ki pote kantite total lisans alkòl yo sispann pandan pandemi kowonaviris la a 162. Wikenn sa a, fòs entèvansyon milti-ajans eta a -- ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a te dirije -- te mennen plis pase 3,964 verifikasyon konfòmite, anrejistre vyolasyon nan 34 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Pandan senk mwa pase yo, Nouyòkè yo te fè gwo sakrifis pou pliye koub la, epi to enfeksyon ki gen rekò ba jodi a montre lè nou koute lasyans ak pran viris sa a oserye, nou ka fè ladiferans. Men, twòp ba ak restoran toujou pa respekte règ ki anplas yo pou sispann pwopagasyon an epi gouvènman lokal yo dwe entèvni -- kidonk, nou te ranfòse aplikasyon lalwa avèk lapolis eta a ak otorite alkòl la pou kenbe move aktè yo responsab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a se pa bon moman an pou nou ekate objektif nou, epi si manke konfòmite, tout pwogrè nou te fè pandan senk mwa pase yo ka andanje. Etablisman sa yo mete sante ekip, kliyan ak tout Nouyòkè yo andanje -- epi aksyon yo pa akseptab."

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare, "Nou remake gen pi bon konfòmite kòm rezilta dirèk travay di ak tan fòs entèvansyon an mete, men toujou gen move grenn ki dwe kenbe kòm responsab. Pandan n ap antre nan de dènye

wikenn ete a, moun ki gen lisans yo dwe kontinye rete vijilan ak mete sante ak sekirite Nouyòkè yo nan tèt lis priorite yo".

14 etablisman yo te bay òdonans ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a sitiye nan Vil New York, Rejyon Kapital la, ak nan Long Island.

Nan Vil New York, repatisyon jewografik la se:

- Brooklyn - 7
- Manhattan - 1
- Queens - 3

Andeyò Vil New York, repatisyon jewografik la se:

- Albany - 1
- Schenectady - 1
- Suffolk - 1

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 19, 21, 22 ak 23 out yo, ki te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo. Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

14 ba yo ke yo te sispann la nan lis anba la a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo a.

"75 Main Group" nan 75 Main Street nan Southampton, nan dat 23 out 2020

Nan dat 22 out, investigatè SLA ak ofisyè Depatman Lapolis Konte Suffolk, Depatman Lapolis Vilaj Southampton ak Biwo Cherif Konte Suffolk la te reyalize yon enspeksyon konjwent nan etablisman yo. Nan anviwon 6:00 pm, investigatè yo te obsève yon liy kliyan k ap tann pou antre nan etablisman an, ki pa respekte distans sosyal, epi pifò pa te mete kouvèti figi. Investigatè yo te obsève de barman ak twa sèvè san kouvèti figi. Apeprè inèdtan apre, investigatè yo te retounen epi jwenn plizyè anplwaye ak kliyan ki kanpe, melanje ak bwè toupre ba a san kouvèti figi, kote plizyè kliyan nan tab toupre yo t ap pwomennen ale nan ba a, pou melanje yo ak bwè -- ki vyole Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki entèdi sèvis ale nan ba san randevou. Yo te obsève tou liy long nan twalèt yo san distans sosyal epi plizyè kliyan pa te mete kouvèti figi. Omwen 27 anplwaye t ap travay nan moman enspeksyon san, okenn ladan yo pa te eseye kontwòle liy yo oswa entèdi kliyan yo konsome alkòl pandan yo kanpe toupre ba a. Nan anviwon 11:00 pm, ekip enspeksyon konjwent lan te antre nan etablisman an, te obsève de anplwaye ki kouri ale nan kizin lan pou alète anplwaye yo. Lè yo antre,

investigatè yo te idantifye 25 vyolasyon anplis -- ki gen ladan danje grav pou sante -- epi kat asiyasyon pou konparèt nan tribinal penal te emèt. Anplis de sa, pi bonè nan aswè a, yon timoun ki gen mwens pase 18 an te kapab achte alkòl pandan de okazyon san yo pa te mande li idantifikasyon. Biznis la se yon residivis, kote Lapolis Vilaj Southampton te pwouve 75 kliyan t ap manje anndan nan dat 13 jen anvan manje anndan te otorize nan Long Island, epi investigatè yo nan fòs entèvansyon eta a te obsève twa anplwaye san kouvèti figi nan dat 28 jiyè. Chaj pou de ensidan anvan yo annatant nan SLA.

"Mark's Grill" nan 1051 Curry Road nan Schenectady, nan dat 22 out 2020

Nan dat 21 out, investigatè SLA yo te jwenn etablisman an ap fonksyone ak sèvis ba sèlman san repa, ki nan vyolasyon dirèk ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Investigatè yo te antre nan etablisman an, te obsève tout katòz tabourè ba a te okipe, san espas ant kliyan yo, epi te gen twa kliyan anplis ki te kanpe ak ap bwè toupre ba a, tout te san kouvèti figi. Investigatè yo te kòmande epi yon sèvè ki te gen yon kouvèti figi nan manton li te sèvi yo bwason alkolize san manje. Lòt kliyan yo te kanpe ak ap bwè nan tab wo yo epi plizyè kliyan san kouvèti figi t ap pwomennen nan etablisman an.

"Andy's Place" nan 605 New Scotland Avenue nan Albany, nan dat 22 out 2020

Nan dat 21 out, investigatè SLA yo te antre epi te jwenn etablisman an ap fonksyone ak sèvis ba sèlman san repa, ki nan vyolasyon dirèk Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Yo te obsève yon sèvè san kouvèti figi ak kat kliyan -- ki te san kouvèti figi tou -- te kanpe nan ba a ap konsome alkòl. Investigatè yo te kòmande epi yo te sèvi yo bwason alkolize san manje, yo te remake plizyè kliyan k ap antre ak sòti nan etablisman an san kouvèti figi. Nan moman investigatè yo ale, sèt kliyan te kanpe ak rasanble ozalantou ba a san kouvèti figi, ap konsome alkòl.

"Esquina Tequila" nan 40-01 Northern Boulevard nan Queens, nan dat 23 out 2020

Nan dat 20 out, investigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisye NYPD yo te obsève omwen dis moun ki t ap bwè, rasanble, ak pa respekte règleman sou distans sosyal yo dirèkteman devan etablisman an. Sèlman apre fòs entèvansyon an te rive ke yon anplwaye te eseye sezi bwason yo nan men kliyan yo deyò a.

"Mally's Deli & Grocery" nan 199 Knickerbocker Avenue nan Brooklyn, nan dat 23 out 2020

Nan dat 21 out, investigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisye NYPD yo te obsève plizyè kliyan ki te kanpe ak chita deyò etablisman an, ap bwè alkòl san manje. Anplis de sa, yo te jwenn twa kliyan ap bwè anndan ak obsève twa anplwaye te san kouvèti figi. Investigatè yo te dekouvri tou ke mak tequila ki pa anrejistre pou vann nan Eta New York t ap vann nan etablisman an.

"La Fogata Restaurant & Café" nan 1549 Gates Avenue nan Brooklyn, nan dat 23 out 2020

Nan dat 22 out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève yon kliyan ki te chita deyò a ap bwè san manje. Anndan, investigatè yo te obsève de kliyan k ap

bwè ak jwe biya - sa ki te entèdi nan Vil New York depi 16 mas 2020 - ak yon sèvi ki san kouvèti figi.

"NY Pizza Café & Spanish Food Restaurant" nan 1485 Myrtle Avenue nan Brooklyn, nan dat 23 out 2020

Nan dat 22 out, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève twa kliyan anndan restoran an k ap konsome alkòl san manje, de anplwaye ak pwopriyetè a san kouvèti figi, ak bwason alkalize ki t ap vann san manje. Lè yo te poze yo kesyon, manadjè a te rekonèt etablisman an pa te sèvi okenn manje -- sa ki nan vyolasyon dirèk ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

"El Salvador Restaurant De Marina" nan 1544 Myrtle Avenue nan Brooklyn, nan dat 23 out 2020

Nan dat 22 out, envestigatè yo fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève dis kliyan anndan restoran an san kouvèti figi, t ap konsome alkòl san manje, ak sis lòt kliyan t ap bwè alkòl pa deyò etablisman an -- tout sa yo nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Envestigaè yo te obsève tou sis anplwaye ki pa te gen kouvèti figi. Lè yo te mande manadjè a pou mande pou kliyan yo ale, li te refize nan kòmansman.

"La Perla Del Ulua Restaurant" 354 Melrose Street nan Brooklyn, nan dat 22 out 2020

Nan dat 21 out, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te tande gwo bri mizik pandan yo t ap rive nan etablisman an, yo te jwenn yon DJ ki pa otorize ki t ap pase mizik devan etablisman an epi te gen omwen 37 kliyan ki te kanpe kòt a kòt, ap bwè ak danse, sa ki te kreye toutbon yon bwat de nwi anplennè ki ilegal. Lè envestigatè yo te rive, yon manadjè nan etablisman an te kouri deyò a pou distribye mask bay kliyan yo. Yo te obsève lòt ki t ap bwè anndan etablisman an, nan vyolasyon restriksyon sou manje pa anndan ki anvigè depi 16 mas 2020. Tout vyolasyon ki te obsève yo te rive apre kouvrefe 11:00 p.m. Vil New York pou zafè manje deyò.

"Noree Thai Bazaar" nan 274 Grand Street nan Manhattan, nan dat 21 out 2020

Nan dat 19 out, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève twa kliyan k ap konsome alkòl anndan etablisman an ak de anplwaye san kouvèti figi, nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

"Izzy's Fried Chicken" nan 262 Kingston Avenue nan Brooklyn, nan dat 21 out 2020

Nan dat 19 out, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève senk kliyan k ap manje nan yon espas fèmen ki te ilegalman transfòme an yon espas fèmen san apwobasyon SLA oswa Depatman Bilding Vil New York la.

"Privileged Gentleman's Club" nan 49-14 Queens Boulevard nan Queens, nan dat 21 out 2020

Nan dat 20 out, yon sekirite san kouvèti figi te eseye anpeche envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisye NYPD yo antre nan etablisman an. Apre yo rive antre, envestigatè yo te dekouvri 33 kliyan anndan yon sal enpwovize ki konstwi ak yon

twati bach plastik ak kat mi, k ap konsome alkòl ak pa respekte direktiv sou distans sosyal yo. Envestigatè yo te obsève tou de lòt anplwaye anndan ki pa te gen kouvèti figi.

"Palm Court Restaurant & Lounge" nan 171-16 Hillside Avenue nan Queens, nan dat 19 out 2020

Nan dat 18 out, investigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève kat kliyan anndan etablisman an -- de t ap konsome alkòl ak de t ap jwe biya -- nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anvigè depi 16 mas 2020 an ki mete restriksyon sou manje pa anndan. Envestigatè yo te obsève tou de anplwaye ki pa te gen kouvèti figi.

"New Heights of NY" nan 137 Schenectady Avenue nan Brooklyn, ann dat 19 out 2020

Nan dat 15 out, investigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisye NYPD yo te obsève de kliyan ki te kanpe epi ap bwè dirèkteman devan etablisman an san kouvèti figi. Envestigatè yo te remake kat kliyan anplis ki t ap konsome alkòl anndan etablisman an, nan vyolasyon flagran ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anvigè depi 16 mas 2020.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU